



APRENDER SEMPRE

2º ANO

ENSINO FUNDAMENTAL

MATEMÁTICA

Chè elèv e responsab,

Nan lide pou evite pwopagasyon nouvo kowonaviris la, pandan n ap prezève sante tout moun, aktivite nan lekòl yo sispans, yon fason pou diminye sikilasyon moun. Nan objektif pou pa entèwonpi etid ou, menm pandan peryòd sispansyon kou yo, Sekretarya Edikasyon Eta a te prepare yon materyèl pou sèvi w kòm sipò nan moman sa a.

Materyèl sa a divize an de pati: youn se Lang Pòtigè epi lòt la se Matematik. Nan yo, ou pral jwenn aktivite pou elaji konesans ou. Anplis de sa, gen 2 lòt dokiman ki akonpanye materyèl sa a: youn ki gen enfòmasyon sou COVID-19 la, lòt la menm gen oryantasyon ak sijesyon pou w òganize yon woutin etid epi kontinye aprann, menm si w pa ale nan lekòl la!

Lè kou yo retounen, l ap enpòtan pou w remèt pwofesè w la aktivite w fè yo. Konsa, ou pral kabab jwenn yon feedback sou aktivite ke w te rive fè yo, epi tou, ou pral kapab jwenn plis apwi.

Bòn etid!



Nome da Escola: _____

Nome do Aluno: _____

Data: __/__/2020


Ano/Turma 2^a Ano EF _____

SEKANS 1 - MANJE KI FÈT LAKAY

AKTIVITE 1

1. NAN KIZIN GRANN MARCELA, GEN KÈK OBJÈ KI SANBLE AK FIGI JEWOMETRIK. GADE KIYÈS YO YE EPI EKRI NON FIGI JEWOMETRIK KI SANBLE AK CHAK OBJÈ KI DESINE ANBA A:

Illustration: Freepik



2. NAN BIFÈT KIZIN NAN, GEN 21 ASYÈT BLE AK KÈK ASYÈT BLAN. AN TOU, GEN 32 ASYÈT. KONBYEN NAN ASYÈT YO KI BLAN?

3. EKRI 2 ADISYON POU CHAK REZILTA.

	10
--	-----------

	30
--	-----------

AKTIVITE 2

KOUNYE A, REZOUD PWOBLÈM YO.

1. GRANN MARCELA A ALE NAN TI MACHE KI TWOUVE L NAN KATYE A POU LI ACHTE FWI KI PI FRE. LI TE ACHTE 45 ZORANJ AK 14 GWAYAV. KONBYEN FWI LI TE ACHTE AN TOU?

2. ANPLIS FWI SA YO, LI TE ACHTE 25 PÒM TOU. LÈ NOU KONNEN KE PAMI PÒM SA YO, GENYEN 12 KI WOUJ E RÈS YO VÈT, KI KANTITE PÒM VÈT KI GENYEN?

3. GRANN TE ACHTE 48 BANNANN MEN 22 TE VÈT. KONBYEN BANNANN MI KI TE GENYEN?



AKTIVITE 3

MANMAN MARCELA A PRAL FÈ YON SALAD AK FWI. POU SA, LI ALE NAN SACOLÃO POU LI ACHTE FWI YO.

GADE PRI FWI KE LI TE RANKONTRE YO:



1. LI GEN 20 REAIS . VALÈ SA SIFI POU LI PEYE FWI YO?

2. SI LI TE GENYEN SÈLMAN 10 REAIS, KI FWI LI T AP KA ACHTE, YON FASON POU LI PA T GEN MONNEN KI RETE?

3. E SI LI TE POTE SÈLMAN 15 REAIS?

4. ANSÈKLE YON POSIBILITE KOTE KE TOUT BIYÈ LAJAN YO ANSANM BAY 20 REAIS:



SEKANS 2- PREVANSYON KAPAB YON SOLISYON!

OU TE KONNEN KE MOUN AK ZANNIMO DOMESTIK DWE VAKSINEN?



















AKTIVITE 1

NAN SANT SANTE KI BÒ KAY PAULINHA, YO SEPARE VAKSEN YO PA TIP, YO NIMEWOTE YO EPI YO SERE YO NAN FRIJIDÈ.

YO TE DEJA APLIKE KÈK DÒZ. KIDONK, NAN PLAS NIMEWO A, VIN PARÈT DESEN TIP VAKSEN AN. GADE TIP VAKSEN YO:

	SARAMPO		GRIFE		POLIOMIELITE
---	---------	---	-------	--	--------------

GADE TABLO VAKSEN YO:

SARAMPO	250	251			254	
	256	257	258	259	260	261
	262		264		266	267
GRIFE	268			271		
		275			278	279
	280	281	282	283		
POLIOMIELITE	286	287			290	291
	292		294	295	296	



1. RANPLASE IMAJ YO PA NIMEWO KI MANKE NAN TABLO VAKSEN YO EPI EKRI YO ANBA:

A. SARAMPO



--	--	--	--	--

B. GRIPE



C. POLIOMIELITE



--	--	--	--

2. KONSILTE TABLO VAKSEN YO EPI REPONN KESYON SA YO:

A. KONBYEN DÒZ VAKSEN YO TE BAY AN TOTAL?

--

B. ENDIKE DÒZ TOTAL KI APLIKE NAN CHAK TIP VAKSEN:




SARAMPO 	GRIPE 	POLIOMIELITE 

Ilustração: Cassiana Paula Cominato

C. KONBYEN MOUN KI TE PRAN VAKSEN?

SARAMPO	GRIPE	POLIOMIELITE

AKTIVITE 2

MANMAN PAULINHA SE ENFIMYÈ NAN YON SANT SANTE. NAN YON JOU, LI TE BAY 52 VAKSEN E NAN JOU KI VINI APRE A, 25. GADE KÒMAN PAULINHA TE KALKILE KANTITE VAKSEN MANMAN LI TE BAY:



$$\begin{array}{r}
 50 + 2 \\
 20 + 5 + \\
 \hline
 70 + 7 = 77
 \end{array}$$

Ilustração: Ana Rita da Costa



1. REZOUD ADISYON YO, PANDAN W AP UTILIZE DEKONPOZISYON NIMERIK, MENM JAN PAULINHA TE FÈ L LA:

A. $12 + 15$

B. $23 + 36$

C. $42 + 51$

D. $66 + 13$

E. $82 + 17$

F. $44 + 33$

AKTIVITE 3

KOUNYE A, REZOUUD PWOBLÈM SA YO KI PRAL ANBA A YO:

1. YÈ, 53 TIMOUN TE PRAN VAKSEN KONT POLIOMIELITE EPI LÒT TIMOUN YO PRAN VAKSEN JODI A. AN TOU, YO TE BAY 95 VAKSEN. KONBYEN TIMOUN KI TE PRAN VAKSEN JODI A?

2. NAN VAKSINASYON KONT RAJ, YO TE VAKSINEN 99 ANIMAL KI TWOUVE YO NAN VWAZINAJ LA, PAMI YO TE GEN CHEN EPI TE GEN CHAT. LÈ NOU KONNEN KE TE GEN 72 CHYEN, KONBYEN CHAT KI TE PRAN VAKSEN?

3. NAN SANT SANTE A, YO TE BAY VAKSEN KONT GRIPE, 52 TIMOUN AK 34 GRANMOUN. KONBYEN MOUN YO TE VAKSINEN?



SEKANS 3- KONTWÒL PWA

AKTIVITE 1

MANMAN BRUNO AK PAULINHA ITILIZE DIFERAN TIP BALANS POU KONNEN PWA YON BAGAY OUBYEN YON MOUN.



Imagem: NUCA

YONN NAN INITE LI ITILIZE POU LI MEZIRE PWA A, SE KILOGRAM. JENERALMAN, MOUN YO ABITYE ITILIZE MO KILO.

1. PLAT BALANS YO EKILIBRE. DISKITE, ORALMAN KISA SA KA VLE DI?




Ilustração: Cassiana Paula Cominato

2. EKRI NON KÈK OBJÈ EPI ENDIKE SI YO GEN PLIS OSWA MWENS KE YON KILOGRAM. MAKE AK YON "X" PWA ESTIMATIF BAGAY KE W CHWAZI YO.

BAGAY	MWENS KE YON KILOGRAM	PLIS KE YON KILOGRAM

AKTIVITE 2

1. PAULINHA E BRUNO, YO CHAK LA, TE MEZIRE PWA YO NAN YON BALANS DIJITAL:

Ilustração: Ana Rita da Costa.



KONBYEN YO 2 A PEZE
ANSANM?




KONBYEN BRUNO PEZE?

Ilustração: Ana Rita da Costa.



KONBYEN PAULINHA PEZE?




BRUNO PEZE 38 KILO. KONBYEN
LÒT TIMOUN NAN PEZE. DISKITE,
ORALMAN, KISA W FÈ POU W JWENN
REZILTA A.

AKTIVITE 3

SA SE FANMI PAULINHA AK BRUNO. YO RETE NAN KATRIYÈM ETAJ NAN YON APATMAN EPI YO NAN SOU SÒL LA, Y AP TANN ASANSÈ A.

Ilustração: Ana Rita da Costa.



**RETE ATANTIF!
INITE MEZI KILOGRAM KAPAB
REPREZANTE PA KG**

1. OBSÈVE PI GWO PWA ASANSÈ A KA SIPÒTE EPI REPONN KESYON YO PANDAN W AP ITILIZE YON KALKILATRI:

A. TOUT MOUN NAN FANMI AN KA MONTE NAN ASANSÈ A ANSANM? POUKISA?

B. SI MANMAN, BRUNO AK PAULINHA RANTRE NAN ASANSÈ A, KONBYEN Y AP PEZE AN TOTAL?

C. KIYÈS MOUN KI KA MONTE NAN ASANSÈ A SAN LI PA DEPASE LIMIT PWA LI KA POTE A?

SEKANS 4- PREZÈVE SANTE A

AKTIVITE 1

PAULINHA TE DEKOUVRI KE BATMAN KÈ A SE YON SIYAL KI ENPÒTAN NAN LAVI MOUN AK ZANNIMO.

1. OBSÈVE ENFÒMASYON SA YO APRE REPONN:

LAJ	BATMAN PANDAN CHAK MINIT
BEBE KI APENN FÈT JISKA 6 MWA	125
SOTI 6 MWA POU RIVE 2 ZAN	115
SOTI 2 ZAN POU RIVE 6 ZAN	100
SOTI 6 ZAN POU RIVE 10 ZAN	90
PLIS KE 10 ZAN	85

FONTE: ORGANIZAÇÃO MUNDIAL DA SAÚDE (OMS)



2. PANDAN YON MINIT, KONBYEN FWA KÈ YON TIMOUN 7 TAN BAT?

A. NAN KI TRANCH LAJ, GEN PLIS BATMAN KADYAK PANDAN YON MINIT?

B. KI DIFERANS KI GENYEN ANT KANTITE BATMAN KÈ YON TIMOUN KI FENK FÈT AK YON TIMOUN KI GEN YON LANE?

LAJ	BATMAN PANDAN CHAK MINIT
BEBE KI FENK FÈT JISKA 6 MWA	125
6 MWA JISKA 2 ZAN	115

C. KONPLETE SEKANS NONM ANT 0 AK 125 DE 5 AN 5.

D. KONPLETE OPERASYON YO PANDAN N AP UTILIZE SIY KI KORESPONN YO, YON FASON POU NOU RANN SANTANS MATEMATIK YO VRÈ:

+	-	=
---	---	---

70	10	80
50	30	20
48	18	30

100	59	159
100	40	60
200	11	211

AKTIVITE 2

BRUNO GENYEN 57 REAIS EPI LI PRAL ACHETE YON CHÈN KONT POU K AP KOUTE 25 REAIS POU CHAT LI A.

LI VLE KONNEN KONBYEN KÒB K AP RETE APRE LI FIN FÈ ACHA A. GADE KÒMAN LI TE FÈ POU L DEKOUVRI:



$$\begin{array}{r}
 50 + 7 \\
 20 + 5 \\
 \hline
 30 + 2
 \end{array}$$

Ilustração: Ana Rita da Costa

REPONS: KANTITE KI PRAL RETE _____ REAIS.



1. REZOU D SOUSTRAKSYON YO, PANDAN W AP ITILIZE DEKONPOZISYON NIMERIK LA, MENM JAN BRUNO TE FÈ A:

$27 - 15$	$49 - 34$
$84 - 52$	$63 - 21$

AKTIVITE 3

REZOU D PWOBLÈM SA YO

1. TONTON BRUNO AP TRAVAY NAN YON MAKÈT. LI TE METE 76 KÈS PAT DANTIFRIS NAN YON ETAJÈ. LI VANN 61 KÈS. KONBYEN KÈS PAT DANTIFRIS KI RETE NAN ETAJÈ A?

2. SOU YON ETAJÈ NAN YON MAKÈT, TE GEN ANPIL SAVON. TONTON BRUNO TE METE 57 ANPLIS, KI VIN BAY YON TOTAL 98. KONBYEN SAVON KI TE GENYEN ANVAN SOU ETAJÈ A?